

BEYOND BORDERS



Pozisyon Ouvè

Direktè/tris Planifikasyon, Swivi ak Evalyasyon

Tèt ansanm Pou Fini ak Sistèm Restavèk:

Yon Pwogram Tèt ansanm Free the Slaves ak Beyond Borders

Lokalalite: Potoprens, Ayiti

Konsènan “Tèt ansanm pou fini ak sistèm Restavèk”:

Chak lane, plizyè mil paran pòv nan milye riral voye pitit pa yo ale viv lwen, avèk fanmi lavil yo. Yo fè sa nan lespwa tifi ak ti gason pa yo pral jwenn chans pou yo ale lekòl si yo fè travay kay moun. Malerèzman nan reyalite, anpil timoun rive nan yon kay kote yo vin eskplwate, abize, neglige, epi dwa yo pa respekte, tankou dwa tout timoun genyen pou yo ale lekòl. Yo pa touche pou travay y ap fè, epi yo pa ka sove.

Depase Fwontyè Yo ak Free the Slaves gentan ap travay depi longtan pou kanpe sistèm domestisite sa a, ki rele *restavèk*. Nan pote kole pou kore kominòte vilnerab yo, pwoteje timoun, epi bati kapasite organizasyon de baz yo, gwoup yo pral ogmante enpak travay yo. Klike isit pou aprann plis de pwogram nou.

Rezime Pozisyon:

Pwogram Tèt Ansanm Pou Fini ak Sistèm Restavèk ap chache yon pwofesyonèl nan Swivi ak Evalyasyon ki pral baze ann Ayiti, pou kòdone tout aspè planifikasyon, swivi ak evalyasyon k ap fèt nan pwogram kominòtè kont sistèm restavèk yo. Direktè/tris la pral travay kòt a kòt avèk manb estaf tout pwogram yo ki baze ann Ayiti, manm estaf kay patnè yo, ak manm estaf pwogram ak Swivi/Evalyasyon ki baze Ozetazini kay Free the Slaves epi Beyond Borders. Epitou Direktè/tris la pral kolabore avèk estaf komunikasyon k ap leve fon epi pataje istwa reyisit ak aprantisaj avèk bayè epi patizan yo. Direktè/tris la pral anplwaye Fondasyon Depase Fwontyè yo (yon afilye de Beyond Borders), epi pral sihevize pa Direktè Pwogram Inifye ann Ayiti an.

Reskonsabilite Yo:

- Mennen pwosesis planifikasyon ki fèt chak ane ak elaborasyon kad lojik ki mache avèk chenn koz (model causal), estrateji ak objektif pwogram inifye.

- Fome epi kore estaf pwogram ak patnè yo pou pwodwi plan travay ki gen bon kalite ki montre rezulta mezirab.
- Kolabore avek estaf teren ak lòt estaf S&E nan pwogram inifye pou emplimante yon sistèm inifye swivi ak evalyasyon.
- Ranfose kreyasyon de zouti rapò pou pwogram ak patnè yo.
- Travay sere ansanm avek manm estaf pwogram ak patnè epi asiste yo nan pwodwi rapò trimstriyèl de kalite, ak apwouve rapò final yo.
- Kòdone evalyasyon entènn ak ekstènn, selon finansman.
- Ranfose transfè konesans ak aprantisaj baze sou rezulta pwogram yon , anndan tankou deyò òganizasyon an.
- Kore preparasyon pwopozsyon pwojè ak rapò bayè defon pou pwogram inifye a.
- Travay sere avèk manm estaf komunikasyon pou pataje reyisit ak aprantisaj pwogram nan.
- Tanzantan reprezante pwogram inifye a deyò.
- Travay ansanm avek Direktè Finans pou asire transparans nan tout operasyon yo.
- Ranfose echanj epi aprantisaj avek pwogram Repanse Pouvwa Beyond Borders genyen.

Kalifikasyon Yo:

- Omwens 7an eksperyans pwofesyonèl nan developman kominòtè ak/oubyen dwa moun.
- Anpil eksperyans pwofesyonèl nan swivi ak evalyasyon pwogram devlopman ak dwa moun.
- Eksperyans epi santi alèz nan sèvi ak teknoloji pou jesyon done.
- Nivo lisans nan domenn ki gen pou wè ak pòs la.
- Pasyon pou pwoteje timoun kont abi ak eskplwatasyon
- Kapab pale Kreyòl ak Franse obligatwa
- Kapab pale Angle prefere
- Angaje pou vwayaje souvan nan zòn rekile ki manke enfrastrikti

Salè

Nivo salè a ap marye ak nivo eksperyans lan.

Lòt enfòmasyon

Pou aplike

Aplikasyon yo dwe gen ladan l: (1) yon lèt kouvèti ki montre enterè ou, konpetans ak eksperyans ki marye ak kalifikasyon ki rekòmande pou pozisyon an, (2) yon CV ki gen ladan l pou pi piti 3 referans . Tanpri souple soumèt CV a, lèt kouvèti a ak referans yo nan yon sèl dokiman word oubyen PDF nan adres sa a: rekritmanbb@beyondborders.net

Tanpri mete non fanmiy ou nan tit dokiman ou ap soumèt la. Ou ka mete tou kantite kòb pa ane ou vle touche pou yon travay plen tan.

Delè pou aplikasyon yo

Aplikasyon ki rive pou pi ta 3 jen 2016 ap resevwa tout konsiderasyon. Aplikasyon ki vini apre kapab revise sou baz woulman jiskake pozisyon an gen moun ladan l.